**दिन–रविवार** **दिनांक–04.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे भारत दू हजार छत्तीस मे ओलंपिक खेल सभक मेजबानिक प्रबल दावेदार अछि। आइ उत्तर प्रदेशक वाराणसी मे राष्ट्रीय वॉलीबॉल टुर्नामेंटक ऑनलाइन उद्घाटन करैत ओ कहलनि जे वर्ष दू हजार चौदह कऽ बाद सँ, खेल मे भारतक प्रदर्शन निरंतर उत्कृष्ट भेल अछि। श्री मोदी कहलनि जे भारत कँ अपन युवा खिलाड़ी सभ पर गर्व छैक, जे देशक नाम रौशन कऽ रहल छथि। ओ कहलनि जे वैएह सफल भऽ सकैत अछि जे अपन जिम्मेवारी कँ गंभीरता सँ लैत हो, आओर देश एहि भावनाक संग आगु बढ़ि रहल अछि।

---

ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि अछि जे मनरेगा भ्रष्टाचारक एकटा पर्याय बनि चुकल छल, जाहि ठाम श्रमिक सभकँ दरकिनार कऽ हुनक शोषन कएल जाएत छल। श्री सिंह आइ नई दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ बातचीत मे कहलनि जे कांग्रेस विकसित भारत रोजगार आओर आजीविका गारंटी मिशन कानून कँ लऽकऽ, जनता कँ भरमा कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे विशाल बजटक बावजूद, मनरेगा कोनो स्थाई संपत्ति सृजन वा गाम सभक दीर्घकालिक विकास कँ बढ़ावा नहि देलक। ओ कहलनि जे विकसित भारत जी राम जी कानून श्रमिक सभक हित मे अछि, किएक तऽ एहि मे बढ़ल भुगतान, बेरोजगारी भत्ता आओर सय दिनक तुलना मे एक सय पच्चीस दिनक रोजगारक गारंटी देल गेल अछि। श्री चौहान कहलनि जे एहि सँ श्रमिक सभक आर्थिक स्थिति बेहतर होयत, आओर ओ गाम सभ मे सार्थक योगदान सेहो दऽ सकताह। श्री चौहान कहलनि जे ग्रामीण रोजगारक बजट मे काफी वृद्धि कएल गेल अछि। ओ बतैलनि जे आगामी वित्त वर्ष मे ढेड़ लाख करोड़ टाका सँ बेसिक आवंटनक प्रस्ताव कएल गेल अछि। एहि मे सँ पंचानवे हजार करोड़ टाका सँ बेसिक राशि केन्द्र सरकार देत।

---

विदेश मंत्रालय हालिया घटनाक्रम सभ कँ देखैत, भारतीय नागरिक सभ सँ वेनेजुएलाक सभ गैर–जरूरी यात्रा सभ सँ बचबाक सलाह देलक अछि। वेनेजुएला मे मौजूद सभ भारतीय सभ कँ अत्याधिक सावधानी संग रहबाक, अपन गतिविधि सभकँ सीमित रखबाक आओर कराकस स्थित भारतीय दूतावासक संपर्क मे रहबाक सलाह देल गेल अछि।

———————————————————————

आईआरसीटीसी घोटाला मे लालू प्रसाद यादव ट्रायल कोर्ट द्वारा आरोप तय कएल जयबाक फैसला कँ दिल्ली हाईकोर्ट मे चुनौती देलनि अछि। हुनक याचिका पर काल्हि दिल्ली हाईकोर्ट मे जस्टिस स्वर्णकांत शर्माक एकल पीठ सुनवाई करत। दिल्लीक राउज एवेन्यू कोर्ट अक्टूबर दू हजार पच्चीस मे एहि घोटाला मे लालू यादवक खिलाफ आरोप तय कयने छल। ट्रायल कोर्टक मानब छल जे प्रथम दृष्टया हुनक खिलाफ पर्याप्त सबूत अछि, जाहि कऽ आधार पर मोकदमा चलाओल जा सकैत अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर उद्योग मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि जे जाँच एजेंसी सभ संपूर्ण सबूतक संग लालू यादव आओर हुनक परिवारक खिलाफ अपन पक्ष न्यायालयक सामने पेश कएलनि अछि। ओ कहलनि जे अदालत आब जे कोनो आदेश देत, ओकरा सभ कँ मानब जरूरी होयत।

———————————————————————

पूरा प्रदेश कड़गर ठंढ़ाक चपेट मे अछि। मौसम विभागक अनुसार राज्यक उत्तरी, दक्षिण–मध्य आओर दक्षिण–पश्चिम भाग सभ मे किछु जगह सभ पर शीतदिवसक स्थिति बनल अछि। ओतहि, आइ भोरे प्रदेशक ग्रामीण क्षेत्र सभ मे अनेको स्थान सभ पर घनगर कुहेस पसरल रहल। पश्चिम चंपारणक वाल्मीकि नगर मे सभ सँ कम न्यूनतम दृश्यता पचास–मीटर दर्ज कएल गेल। ओतहि, सभ सँ कम न्यूनतम तापमान **आठ दशमलव दू डिग्री सेल्सियस** छपरा मे दर्ज कएल गेल। विभाग अगिला दू सँ तीन दिनक दरमियान राज्यक अनेक स्थान सभ पर घनगर कुहेस पसरल रहबाक संभावना जतौलक अछि। अगिला पांच दिनक दरमियान न्यूनतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस कऽ कमी हेबाक संभावना अछि।

एम्हर, घनगर कुहेसक चलते दृश्यता कम हेबाक कारणे सड़क, रेल आओर हवाई यातायात प्रभावित भेल अछि। बेसी दूरीक कतेको रेलगाड़ी सभ अपन निर्धारित समय सँ विलंबित कऽकऽ चलाओल जा रहल अछि। ओतहि, पटना, दरभंगा आओर पूर्णियांक हवाई अड्ड़ा सँ कतेको उड़ान सभकँ रि–शेड्यूल कएल गेल अछि।

———————————————————————

तिरहुत रेंजक डीआईजी चंदन कुशवाहाक निर्देश पर वैशाली पुलिस अधीक्षक ललित मोहन शर्मा अनुशासनहिनता आओर भ्रष्टाचारक आरोप मे लालगंजक थानाध्यक्ष संतोष कुमार आआर सब–इंस्पेक्टर सुमन कुमार झा कैँ तत्काल प्रभाव सँ निलंबित कऽ देलनि अछि। पिछला तीस दिसंबर कैँ लालगंज पुलिस बिलनपुर गामक रामप्रीत सहनीक घर पर चोरिक सामानक जानकारी पर छापेमारीक दरमियान भारी मात्रा मे सोना–चांदीक जेवर आओर नगदी बरामद कयने छल। एहि सामान सभक जब्ती सूची बना कऽ ओकरा मालखाना मे जमा करबाक बदले थानाध्यक्ष संतोष कुमार आआरे सब–इंस्पेक्टर सुमन कुमार झा एकरा आपस मे बांटि लेलनि। डीआईजीक जांच मे पोल खुललाक बाद ई कार्यवाही कएल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त